

BOARD OF EDUCATION

PAUL G. VALLAS
Superintendent of Schools

MEMBERS OF THE BOARD

KENNETH MOALES JR.
Chairperson

JACQUELINE KELLEHER
Vice Chairperson

HERNAN ILLINGWORTH

CITY HALL - 45 LYON TERRACE
BRIDGEPORT, CONNECTICUT 06604



MEMBERS OF THE BOARD cont.

BOBBY SIMMONS

SAUDA EFIA BARAKA

LETICIA COLÓN

MARIA PEREIRA

THOMAS A. MULLIGAN

JOHN BAGLEY

May 28, 2013

Fanmi Elèv Lekòl Piblik Bridgpòt Yo,

Ane lekòl la vanse fini. Nou, nan Direksyon an, te pase tout ane a ap travay di pou n ede tout elèv lekòl yo reyisi. Nou te bay tout lekòl yo liv nèf ansanm ak lòt founiti klasik pou ensenye tout elèv. Anplis nou te bay elèv yo anpil sipò, tankou leson pandan lekòl ak leson apre lekòl. Gen anpil nan elèv yo ki fè pwogrè. Men gen anpil lòt ki bezwen bonkou bourad pou yo ka fè byen nan klas yo nan lòt ane eskolè ki pral komanse nan mwa Septanm ki pral vin la a.

Kou ane eskolè sa a fin fini nan fen mwa Jen an, pral genyen yon bann lòt pwogram edikasyon an Jiyè pou anpil elèv, kòmanse ak Jaden Danfan rive jous nan Lise (High School). Swivan règleman Depatman Edikasyon an, anpil nan oumenm, paran timoun yo, gentan resevwa swa yon lèt, swa yon kout telefon, oswa te rankontre ak pwofesè lekòl pitit ou a. Yon jan kèlkonk, ou te aprann ke se posib ke pitit ou a pap pase pou lòt ane eskolè ki ap vini a.

Nan ka sa a, pou pitit ou a kab reyisi, ap genyen lekòl an Ete a (Summer School) pou elèv. Klas Tankou : Jaden Danfan, Premye Ane, Deziyèm ane, pou elèv ki teste ba nan lekti ak konpreansyon yo. Pou elèv ki nan 3 zyèm ane, 6 zyèm ane, 8 tyèm ane, ansanm ak 9 vyèm ane yo, li egzijib pou yo vin nan lekòl Ete a (Summer School). Klas sa yo se yon seri de klas kote elèv la sipoze gen yon sèten konesans ki ap kab ede l pita le l nan klas pi avanse yo. Si elèv sa yo pa vin nan lekòl Ete a (Summer School) yo pa p pase pou lòt ane a. Pwofite de opotinite sa defason pou elèv la pran kèk konesans anplis epi pou l ka pase pou lòt ane a.

Se posib ke elèv la pa p kab vin nan lekòl Ete a (Summer Shool). Nou konprann sa. Si ou, paran an, gen yon rezon poukisa pitit ou a pa kab vin lekòl Ete a (Summer School) nou mande ke ou pran yon randevou ak direktè lekòl pitit ou a pou w bay rezon an. Bi rankont la ak direktè lekòl la se chache yon jan pou ede pitit ou a pandan vakans la. Si w pa pran randevou a ak direktè lekòl la pou l chache yon jan pou ede pitit ou a, pitit ou a pa p pase pou lòt ane a.

Nou sipoze fè tout sa n kapab pou n ede elèv yo defason pou yo ka reyisi nan lekòl. Kidonk, m ap mande w sipò w.

Si toutefwa ou ta gen yon kesyon konsènen si pitit ou a ap bezwen pou l al lekòl Ete a (Summer School), antre an kontak ak Direktè lekòl kote li ale a.

Mèsi,
Paul G. Vallas
Superintendent